

Atik 1557: Kouvèti Asirans Sante nan Akò ak Lòt Plan Sante

Atik 1557 la se yon pwovizyon legal sou dwa sivil nan Lwa sou Swen Abòdab 2010 la. Atik 1557 la entèdi diskriminasyon nan asirans sante pou rezon ras, koulè, nasjonalite, sèks, laj, oswa andikap nan sèten pwogram ak aktivite sante. Règleman final Atik 1557 la aplike pou tout pwogram sante oswa aktivite sante, nenpòt pati ladan yo ki resevwa finansman nan men Department of Health and Human Services (HHS, Ministè Sèvis Sante ak Sèvis pou Moun) tankou, lopital ki aksepte Medicare oswa doktè ki resevwa pèman Medicaid; Akò pou Asirans Sante oswa konpayi ki patisipe nan Akò sa yo; ak tout pwogram sante HHS nan jere menm. Pwovizyon nan règleman ki egzije chanjman nan konsepsyon asirans sante oswa nan benefis plan sante gwoup yo, gen yon dat aplikasyon premye jou nan ane premye plan an (nan ane politik akò endividiyèl la) apati de oswa apre 1^e janvye 2017.

Atik 1557 la pwolonje pwoteksyon pou moun ki enskri nan divès asirans ki gen rapò ak sante. Enstitisyon ki konsène yo enkli:

- Konpayi asirans sante, lopital, klinik sante, klinik doktè, sant sante kominotè, mezon retrèt, ajans Medicaid Eta, elatriye, ki resevwa èd, antanke benefisyè sibvansyon, pwopriyete, fon kontrepatti federal Medicaid, pèman Medicare Part D ak asistans finansye dapre Tit I ACA (Lwa sou Swen Abòdab) la
- Akò sou Asirans Sante ki baze nan Eta ak Akò Gouvènman Federal la Sipòte yo
- Tout pwogram sante ak aktivite HHS la jere

Pwoteksyon pou Kouvèti Asirans Sante

Aksyon sa yo entèdi sou baz ras, koulè, peyi orijin, sèks, laj oswa enfimite. Enstitisyon ki konsène yo espesyalman, sou yon baz diskriminatwa, pa ka:

- Nye, anile, limite oswa refize pou emèt oswa renouvre yon plan asirans ki gen rapò ak sante oswa lòt kouvèti sante.
- Nye oswa limite yon reklamasyon oswa enpoze pataj depans siplemantè oswa lòt limitasyon oswa restriksyon sou kouvèti sante.
- Angaje nan pratik maketing ki fè diskriminasyon oswa mete anplas benefis ki fè diskriminasyon nan asirans ki gen rapò ak sante oswa lòt kouvèti ki gen rapò ak sante.

Pou plis enfòmasyon konsènan Atik 1557 la, ale sou <http://www.hhs.gov/civil-rights/for-individuals/section-1557>.